



THE CITY OF NEW YORK  
OFFICE OF THE MAYOR  
NEW YORK, NY 10007

**POU PIBLIKASYON IMEDYAT**

13 janvyè 2010

Nimewo 15

[www.nyc.gov](http://www.nyc.gov)

**MAJISTRA BLOOMBERG AP PREZANTE REPONS POU KATASTWÒF  
LA ANN AYITI**

*Men Remak Majistra Bloomberg jan Li Bay li nan Holy Cross Roman Catholic Church:*

“Nimewo en, Pè Donaldson, mèsè anpil poutèt ou resevwa nou. Jan ou konnen li, Gouvènè Paterson ak yon kantite ofisyèl eli fè yon sèl ak mwen, epitou mwen panse debòdman an – kantite ki isit la – di egzaktman kijan sitiyaasyon an trajik ak santiman tout Nouyòkè genyen pou pèp ayisyen an.

“Sètènman, n ap fè tout sa nou kapab pou bay èd, men senpleman kantite moun ki dèyè mwen, m ap eseye di non tout moun pou yo kapab konnen yo te isit la epitou mwen prezante eskiz – sou non Gouvènè a ak mwen – si nou pa site non yon moun. Direktè John Liu isit la, epi Avoka Piblik Bill de Blasio ak Oratè Quinn, Manm Konsèy Eugene ak Jumaane Williams, Prezidan Minisipalite Markowitz ak Marshall, DA Hynes, Joe Bruno, Ray Kelly, Sal Cassano ak Cary Edwards, Senatè Lou Tascal Thompson isit la, Manm Asanble Karim Kamara ak Manm Konsèy Al Vann ak Ingrid Lewis-Martin, chèf ekip pou Eric Adams isit la. Si mwen pa site non yon moun, mwen eskize m pou sa. N ap eseye site lòt non yo pita.

“Sa nou isit la pou fè se pou di pou kominote ayisyen Nouyòk k ap kriye pou fè yo konnen lapriyè tout Nouyòkè nan tout pati vil nou an avèk ou jodi a epitou nou avè w. *Nous à vous*, ki vle di ‘nou avè w’ epi *bon courage*, ‘pran kouraj.’ Sa yo se mo senp. Nan fen a, avèk chak kontrandi yo fè nan nouvèl, sanble menm se yon pi gwo trajedi nou te pè anvan. Epitou n ap pètèt chèche konnen kijan sitiyaasyon an grav, men se youn nan pi gwo trajedi ki tonbe sou nenpòt peyi. Epi paske se yon peyi ki pre avèk Etazini epi ki pre sitou avèk vil Nouyòk akòz gwo kominote ayisyen nou genyen isit la – non sèlman nou genyen anpil Ayisyen ki te vin viv isit la, men tou genyen yon gwo kantite Ayisyen ki te vini pou sèvi pèp Nouyòk la. Si ou ale nan lopital yo, w ap jwenn yon bon kantite doktè ayisyen k ap sove lavi moun. Mwen te ale ann Ayiti. Semenn pase, Komisè Lapolis nou an te ann Ayiti. Nenpòt sa nou te kapab fè lontan pou ede, n ap fè li, epi kounye a se devwa nou pou nou fè yon sèl ak pou wè sa nou kapab fè.

“Enpòtans trajedi a montre se gouvènman Etazini ak Nasyonzini ki pral alatèt tout bagay alafen, epitou n ap eseye pale osijè sa moun yo kapab fè, men se pa yon bagay kote ou kapab voye yon ti bwat manje oswa yon boutèy dlo pou ede. Pa genyen yon enfrastrikti epi enpòtans pwoblèm nan limite nenpòt sa yon moun oswa menm minisipalite nou an kapab fè.

“Se vrèman yon trajedi ki devastatè nan yon peyi, tankou nou tout konnen, ki genyen plis pase soufrans li. Nouyòkè yo konnen toudabò konbyen èd moun ki toupatou sou latè kapab enpòtan pou rebati yon peyi ki viktim yon katastwòf. Nou te wè lemonn vin sekouri nou nan atak 11 septanm yo epitou nou vle asire lemonn ap vin pote sekou pou pèp ayisyen an. Epitou antan yon minisipalite, nou plis pare pou ofri èd nou pou pèp ayisyen nan limit ki posib pou nou paske nan bèl pawòl deviz nasyonal Ayiti, ki ekri sou drapo li, li endike ‘*L’Union fait la force,*’ oswa men anpil chay pa lou.

“Kounye a, nouvèl konsènan manm fanmi ki ann Ayiti yo depase lespri anpil moun, kidonk kite mwen repete san Prezidan Obama te di jodi a. Depatman-Deta kreye yon liy enfòmasyon pou moun k ap eseye kontakte manm fanmi yo ann Ayiti. Nimewo a se 1-888-407-4747. Se 1-888-407-4747. Epitou alòske Senatè Schumer ak Gillibrand nan lòt pati eta a jodi a, mwen vle di ou yo nan telefòn avèk Administrasyon Obama epi pi gwo priyorite yo se pote sekou nan tranblemanntè a.

“Mwen vle fè ou konnen mwen te pale avèk Anbasadè Leo Merorez. Li se anbasadè Ayiti nan Nasyonzini epi li se yon moun mwen konnen byen. Epitou mwen te transmèt li lapriyè ak sipò nou. Mwen te pale tou avèk Roy Hastick, anpil nan nou konnen li se prezidan Chanm Komès Karayibeyen-Ameriken, ki gen ti non CACCI epi li te toujou yon gwo defansè pou peyi a, pou Ayiti ak pou pèp li a. Li te fè yon estwòk depi yon ti tan, men erezman l ap refè epi mwen panse li enpòtan pou pran apèl li ak pou eksprime kondoleyans nou yo. Epitou mwen te pale avèk madanm li ki se yon moun ki vrèman renmen peyi sa a.

“Antan manm ekip mwen, tankou Majistra-Adjwen Dennis Walcott ak Manm Komisyon Biwo Afè Imigran mwen Fatima Shama, ou ta dwe konnen nou an kontak regilye avèk kominote ayisyen an ak lidè relijye yo. Pou divès kalite rezon, administrasyon nou te genyen lyen sere avèk Ayiti. Nou te ede nan sekou imanitè nan peyi sa a lontan. Mwen te ale ann Ayiti, epi mwen te tris anpil poutèt sa mwen te wè. Mwen pa t janm wè kalite bezwen pèp la te genyen, epitou si ou sonje pèp Nouyòk la te fè don yon anbilans ak èd medikal nan yon lopital ki la a. Anpil nan nou kapab konnen tou Komisè Lapolis nou an te travay ann Ayiti sou non Administrasyon Clinton, epi sètènman li te vin genyen lyen sere avèk pèp ki nan peyi sa a. Epitou, se vrèman yon koyensidans men li te ann Ayiti wikenn dènye pou wè si Nouyòk kapab ede, epitou nou fè sa pou nenpòt moun ki sou latè si nou kapab bay yo konsèy epi pafwa menm plis pase sa. Men erezman, Ray te nan peyi a epi li kapab bay kèk premye enfòmasyon sou sa ki pase anvan trajedi a.

“Nan Otèl-de-Vil la, n ap swiv nouvèl ki sòti Ayiti trè seryezman, epi nou deja pran mezi pou bay èd nan sekou ak redrèsman nan trajedi devastatè sa a ki sanble kounye a epaye omwen peyi vwazen Ayiti yo sou zile Ispanyola, pèp Repiblik Dominikèn. Ta sanble tout domaj yo pi grav nan pati lwès, sou kòt sidwès Ayiti, epi trajedi potko fè okenn domaj sou pwent lès zile a kote D.R. la ye.

“Sètènman, anpil Nouyòkè vle konnen sa yo kapab fè kòm moun pou bay èd, epitou nan yon sitiyasyon katastwòf konsa, pi bon repons lan se fè don lajan. Lajan ki prale dirèkteman nan òganizasyon sekou ki souplas yo ap pèmèt yo achte pwovizyon ak ekipman pou satisfè bezwen ki pi ijan yo. Yon lòt kote, nan sikonstans lè travayè sekou ki souplas dirèkteman yo fè nou konnen yo, li twò difisil pou jwenn ekipman ak pwovizyon yo bay pou Ayiti epitou y ap pran tan pou yo itil. Rezilta yo sèke pa genyen yon enfrastrikti ki la pou fè nenpòt bagay ki fizik pou distribye èd la kote yo bezwen li. Enpòtans pwoblèm lan pi twò gran ak twò konplèks.

“Kidonk mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo bay anpil kontribisyon nan efò sekou a nan *Mayor’s Fund to Advance New York*. Ou kapab rele 311. Depi 11:00 AM nou te deja resevwa plis pase 12,000 apèl epi *Mayor’s Fund* ap voye kontribisyon yo ba òganizasyon onorab ki toujou la tankou Lakwawouj Ameriken k ap travay souplas.

“Ou kapab asire don ou yo prale kote y ap fè plis bon bagay touswit, epitou kite mwen di Biwo Jesyon Ijans ak Biwo Majistra pou Afè Imigran genyen bon jan kontak avèk òganizasyon ki pa fè pati gouvènman k ap travay an Ayiti jodi a.

“Nou te pale avèk Depatman Sekirite Nasyonal epi nou te ofri yo asistans nou. Nou genyen yon rechèch ak sekou iben tou, oswa nou rele li – U-S-A-R – Ekip USAR ki fè pati rezo repons ajans federal jesyon ijans. Li genyen 220 manm FDNY ak NYPD ki byen antrene. Si ou sonje, yo te deplwaye yon kantite ladan yo dènyèman nan Kòt Gòlf yo nan ane 2008 pou ede nan redrèsman nan Siklòn Ike ak Gustav. Genyen yon sistèm wotasyon pou deplwaye ekip sa yo epi jan Prezidan an te di jodi a, ou te wè ekip yo nan Florid, Kalifòni ak Vijini ki te deplwaye ann Ayiti epitou n ap tann pou tandè si y ap deplwaye ekip nou an epitou nou pare pou ale lè yo di nou sa ak si yo di sa.

“Yon kantite enjenyè ak enspektè bilding Depatman Bilding nou yo te montre yon volonte tou pou yo ale souplas, men sonje gwo echèl destwiksyon ki fèt ann Ayiti kapab retade deplwaman volonte sa yo enpe. Pou yo travay yon fason pwodiksyon ak sennesòf dwe genyen toudabò yon estrikti ki souplas pou sipòte yo epitou sanble sa kapab pran tan pou kreye yon estrikti konsa. Men ou mèt sèten nou konsève yon lis moun sa yo avèk konpetans ak volonte yo pou pèp ayisyen an k ap bezwen yo nan pwochen jou ak semenn yo. Epitou, n ap fè tout sa nou kapab imedyatman lè nou kapab ede pèp ayisyen an reprann li.”